


ANN BAY LODYANS 4

Se Bryant Freeman
("Tonton Liben") ki
pare ti liv sa a.




AYITI SE PÈP AYISYEN

Enstiti Etid Ayisyen - Invèsite Kannzas
Bon Nouvèl
Fondasyon Alfa Lwès
2000

PM
7854
.H39
A56
2000
v. 4


TI CHAT: PI PITI PI RÈD

Vwala se te konpè Chat. Tout ptit li te fè, li te bay konpè Tig batize yo. Men, tout ptit yo menm,



lè yo vin gwo Chat, te mande papa yo pou yo ale wè parenn yo. Kon yo ale, yo pa janm tounen, paske parenn Tig te toujou manje yo. Ni nan premye se te kon sa, ni nan dezyèm, jis nan sisyèm ptit. Men pou konpè Chat te gen eritye, Bondye te ba li yon lòt ptit ankò. Sa te fè I sèt.


Vwala yon jou, ti Chat te mande papa I pou I kite li al wè parenn li. Papa refize li: "Se ou sèl m genyen. Si ou ale, kouman pou m fè viv? M apral mouri ak chagren, paske ou pa p tounen." Ti Chat di papa li konsa: "Ou mèt kite m ale, wi, m ap vini kanmenm." Lè papa wè li pèsiste twòp, li di I: "Ou mèt ale." Lamenm, ni papa ni manman pran kriye pou ti Chat ki pral mouri.



Nan denmen maten, ti Chat leve byen bonè pou I fè wout la anvan solèy la twò cho. Lè I rive devan kay parenn li, li kanpe pou I di: "Onè!" Lamenm

kommè Tig di I: “Respè! Antre, non!” Ni konpè Tig ni kommè Tig kontan pou yo wè I, paske yo pa t gen vyann. Men depi ti Chat te fèk rive, li te di yo I ap fè twa jou ase ak yo. Men se aswè y ap tann, paske se aswè pou yo manje ti Chat, pou vwazinaj pa konnen. Tout jounen y ap bay ti Chat manje, e ti Chat te manje tout sa yo te ba li.

Lè aswè rive, yo byen kontan, epi yo ranje kabann li nan yon ti chann. Apenn yo kouche, yo tenyen lanp la. Lamenm ti Chat leve monte sou galta a. Lè yo leve pou manje ti Chat, yo pa wè I. Yo limen lanp, yo chache, yo fouye, nad ti Chat. Apre sa, y al dòmi. Yo di ti Chat sove.



Denmen maten, lè kommè Tig ap koule kafe, ti Chat parèt: “Bonjou, parenn e marenne konpayi!” Yo sezi, yo di I: “Ti Chat, kote ou te ye konsa? Jan nou te chache ou!” Ti Chat di yo: “Lè m te kouche, m te santi yon bann ti bèt t ap mòde m, epi m leve al kouche sou galta a.”

Apre sa, konpè Tig ak kommè Tig di ti Chat: “Manje anpil, wi, pou manman ou ak papa ou wè nou byen okipe ou.” Manti! Nou konnen sa y ap fè, se te swen yo t ap swen li, pou I vin gra. Lajounen an pase byen, e kou solèy kouche, se

**yon fèt pou yo, paske yo di aswè sa a yo pa p
manke li menm.**

**Alò yo ranje kabann ti Chat sou galta a, pou ti
bèt pa mòde l. Apenn yo kouche, yo tenyen lanp.
Lamenm tou, ti Chat deplase, l al kouche sou depo
a. Kon yo te fin tenyen lanp la, yo leve pou manje
ti Chat. Lè yo gade sou galta a, yo pa wè ti Chat.
Yo ennève, paske yo pèdi vyann sa a.**



**D e n m e n
maten, lè konmè
Tig ap koule kafe,
ti Chat desann
sou depo a:
“Bonjou, parenn
e marenne e
konpayi!” Yo
sezi. Yo mande ti**

**Chat: “Poukisa ou fè nou sa? Lè nou pa tande ou
vire menm, n al wè sa ou genyen, e nou pa wè
ou.” Ti Chat di: “Yè swa, sa te pi rèd. Si m pa t
kouri leve vin kouche sou depo a, m ta mouri, afòs
ti bèt tripote m. Yo mòde m nan tout kò mwen.”**

**Alò, yo reziyen yo. Y ap tann aswè ankò, paske
se te dènye jou. Tout lajounen yo bay ti Chat anpil
manje, e y ap tann aswè rive. Yo ranje kabann ti
Chat sou depo a, e y al kouche.**

Kon yo rantre lakay, ti Chat al kouri dòmi nan bwa. Apre yon ti moman, yo sòti. Yo pa wè ti Chat. Yo chache jis li te prêt pou jou.

Denmen maten, lè kafe ap koule, ti Chat parèt: “Bonjou, parenn e marenne konpayi!” Yo di: “O, o, ti Chat, kote ou te ye konsa?” Ti Chat di: “Yè swa, si m pa t kouri, se zo m nou ta jwenn, afòs ti bèt mòde m.”

Se maten sa a menm ti Chat pral pati. Konpè Tig di madanm li: “Fòk se pran pou nou pran l. Ba li manje m lan. M ap sòti nan jaden an, m ap ranje yon bagay pou ti Chat. Se pou li pran pi gwo jourmou an pou l pote.” Konsa, konpè Tig sòti nan jaden an, epi li tounen gwo jourmou an, pou l kenbe ti Chat lè l ap keyi li.

Lè konmè Tig fin swen ti Chat, li bobo li e li di l: “Parenne ou fè yon ti sòti, men li di m, kòm li pa gen anyen pou l ba ou pote pou moun yo, ou a pase nan jaden an. Pi gwo jourmou ou a wè a, pran li pou moun yo.” Ti Chat di: “Mèsi, wi. M ale, wi.”

Lè ti Chat rive nan jaden an, li di pi gwo



joumou an: “Bonjou, joumou... O, o, ou pa di anyen! Lakay mwen, lè m di bonjou joumou, joumou an toujou reponn.” Li di ankò: “Bonjou, joumou.” Joumou an toujou pa reponn. Ti Chat di: “A, a, si joumou pa vle reponn, m prale.”

Ti Chat di ankò: “Pou dènye fwa, bonjou, joumou!” Epi joumou menm, jan li sòt, reponn: “Bonjou, ptit mwen.” Lè ti Chat tande joumou reponn vre, li di: “A, papa, se pou premye fwa m tande kote joumou pale! M pa p janm tounen isit ankò!”

Lamenm ti Chat kouri kouri san gade dèyè, jis li rive kay manman l ak papa l. Lè ti Chat rive, lòt yo fè fèt pou li, paske yo wè li pa mouri. Li rakonte yo tout sa li te fè pou l pa mouri, tout sa Tig fè pou manje li. “Se konsa m te di nou: pi piti pi rèd.”

Kanta konpè Tig ki tounen joumou, li rete tout tan yon gwo joumou, san li pa kap tounen Tig ankò.

Se konsa m tande, se konsa m rakonte.

Eno Etyèn, Tèryewouj

MWEN MENM TOU!

Yon mèt lekòl telefonnen manman yon elèv:

Mèt: Bonjou, madanm. Kijan ou ye?

Manman: Byen, msye. E ou menm?

Mèt: Map boule piti piti, wi. M telefonnen ou paske gen yon ti pwoblèm ak pitit ou a. Li te pran poul sou yon ti zanmi li.

Manman: Poukisa ou di sa, Mèt?

Mèt: Gen de jou, msye ak ti zanmi li a te fè menm fòt nan egzamen m te ba yo a.

Manman: Mezanmi! Men, se pa pitit mwen an, non! Se siman lòt la ki te pran poul sou li.

Mèt: Map esplike ou, madanm. Mwen te ba yo yon ti egzamen kalkil: “Konben de (2) plis senk (5) fè?” Ti zanmi li a te ekri: “M pa konnen!” Pitit ou a te ekri: “Mwen menm tou!”



Chita Pa Bay

YOUN POU BONDYE YOUN POU DJAB

Vwala te gen de pòv ki rete bò katedral. Youn te rele Toma, lòt la Antwàn. Lè m di rete a, sa pa vle di yo gen kay, non. Lè yo fin pase tout jounen ap mande charite, se la yo vin lage kadav kò yo.

Yon jou swa y ap pase bò simityè. Yo tandé yon bagay tonbe bip, yon lòt tonbe bip ankò. Te gen yon gwo pye mango batis ki te gen yon fas sou lari a, yon fas sou simityè. Lè mesye yo konprann se mango k ap tonbe konsa, yo kòmanse chache. Y ap ranmase, y ap manje. Pandan sa, anndan simityè, mango fè mikalaw atè. Tout moun

pè monte sou tèritwa
Bawon pou al pran
mango.

Toma di: "Antwàn,
lòt bò a chaje ak
mango, wi! M pa prale
san m pa plen vant
mwen. Pa pito nou
janbe mi an. N a tou
pwofite plen djakout
nou tou." Antwàn pa



dakò: “Monchè, depi m piti, m toujou tande yo di moun pa antre chache manje anndan simityè, non. Ou pa konnen, petèt mango sa yo ka lakòz lanmò ou! Mwen pa prale, papa!”

Toma reponn: “Ou kapon twòp, monchè. Epi, se pa nou menm ki pral keyi mango yo. Yo gaye tout atè a. M pa kwè Bawon ap fache pou kèk vye mango pouri.” Konsa, yo tonbe dakò. Lè yo fin janbe mi an, Toma di: “Antwàn, pou nou youn pa pran plis pase lòt, chak fwa ou pran yon mango, ou ap di: Mwen pran youn. Chak fwa m pran youn tou, m ap di: Mwen pran youn, jous nou fini.” Se konsa mesye yo kòmanse ranmase mango: “Mwen pran youn. Mwen pran youn. Mwen pran youn. Mwen pran youn.”



Pandan sa, gen yon nèg ki rete nan zòn lan ki t ap rantre lakay li. Li tande de vwa yo: “Mwen pran youn. Mwen pran youn.” Li di: “Se pa ni de ni twa. Se Bondye ak djab k ap pataje mò yo.”

Nèg la prese rantre lakay li. Kon l rive, li rele yon vwazén pou ba l zen an. Nèg la di l: “M pa t toujou di ou, zòn sa a gen bagay dwòl k ap pase ladan lannwit! Koulangit! Fò ou al wè sa ak pwòp

je ou.” Nèg yo soti sou pwent pye. Yo pwòche bò mi simityè a. Yo tandé: “Mwen pran youn. Mwen pran youn.”

Nèg la di: “Ou wè sa m t ap di ou la!” Vwazen an reponn: “Se vre, konpè, ou pa mant! Monchè, denmen maten, kon l jou mwen pral chache yon lòt kote pou m lage kò m. M gen timoun. Lè yo bouke konte mò, se sou kretyen vivan y ap vini!” Pandan nèg yo ap pale konsa deyò a, toudenkou yo pa tandé anyen ankò. Youn nan yo di: “O! o, apa yo pa konte ankò. Gen lè yo fini!”

Se atò Antwàn vin sonje 2 bèl mango yo te kite deyò a. Li di: “Epi 2 sa yo ki deyò a, sa n ap fè ak yo?” Toma reponn: “Enben, n ap separe yo: youn pou ou, youn pou mwen.”

Mesye ki deyò yo tandé sa, yo di: “Pye, sa m manje m pa ba ou!” Yo kouri kouri kouri! Pandan sa, Toma ak Antwàn menm monte mi an, yo soti dousman nan simityè ak fal yo byen plen, djakout yo byen chaje.

Nan denmen maten, li patko jou, nouvèl la gentan gaye nan tout zòn lan. Toma ak Antwàn te gentan sou wout. Lè y ap pase bò simityè, yo jwenn yon pil moun kanpe ap pale. Yo mande sa k genyen. Se lè sa a yo aprann pawòl la.

Antwàn fè sèt onondipè: “Wouy! Mèsi lèsen, lèmò, lèzanj! Mezanmi, gade kouman m manke mouri, non! Toma, frè m, apre jodi a, m fè kwa. Si ou gen kontra ak djab pou bay yon moun, se pa mwen ou a jwenn!”



Mari Dyvela Seza

TRAVAY MACHWÈ


Monpè te di: “Sa ki gen pwoblèm pèsonèl mèt toujou vin kote m.”

Yon nèg, ki vle pase pè a nan riz oubyen nan rizib, pwoche kote I: “Monpè, m gen pwoblèm difisil. Gade, tout cheve nan tèt mwen rete nwa, tandiske plim bab mwen vin tou blanch. Sa k fè sa?”

Pè a déjà ap ri nan kè I, men li reponn byen serye: “Monchè, sa dwòl vre. Men sa k lakòz: se paske nan lavi ou, ou te travay plis avèk machwè ou, pase avèk sèvo ou.”

Pè Chal

TWA TI KOCHON



Vwala se te twa ti kochon, twa bon zanmi ki te toujou ansanm toupatou kote yo pase. Ti kochon sa yo te konn dòmi leswa nan seren. Yon jou yo te kouche sou vant ap bay lodyans. Youn ladan yo mande: "Sa ki fè nou chak pa fè yon ti kay pou nou rete?" Lòt de (2) yo reflechi, yo di: "Sa ta bon vre! Enben, nou pral kòmanse sanble materyo, epi chak nèg va fè kay pa li. Lèfini, vye bét ki lènmi nou yo p ap kab vin manje nou." Plop plop! twa ti kay yo fèt: youn an pay, youn an bwa, epi youn an mi.


Y o n
s w a
k o n s a ,
g e n y o n
g w o
c h e n y o
r e l e
S a t e l a k i
a p f è t i
f l a n n l i .



Li rive bò ti kay yo. Li kanpe, li gade yo. Satela te renmen manje ti kochon anpil. Rete rete Satela pran sant ti kochon yo. Lamenm li gentan gen anvi antre nan ti kay yo. Satela kouri sou ti kay pay la. Li pouse yon gwo souf tankou yon gwo van. Depi tan an pay pran vole. Lè ti kochon an wè sa, li kouri al jwenn frè li nan ti kay bwa a. Satela kouri dèyè l.

Lè gwo chen an rive devan ti kay an bwa a, li pouse yon pi gwo souf. Ti kay la souke. Li soufle pi fò toujou. Kay la souke souke, epi li kraze. Tou de (2) ti kochon gentan chape kò yo al jwenn lòt ki nan kay an mi an. Satela derape ankò dèyè yo. Li pa t gentan kenbe yo. Li ennève, li vin move kou kong.

Li kouri fè laviwonn
kay an mi an. Li soufle,
li soufle mezi li te
kapab. Nad marinad.
Ti kay an mi an solid
nèt. Nan kouri moute
kouri desann, Satela
vin jwenn yon fenèt ki pa t byen fèmen. Ti kochon
yo kache kò yo anndan, youn sou lòt, lè yo tande
bri Satela dèyè a. Yo pè, y ap tranble.



Satela vole nan fenèt la pou li tonbe anndan.
Podjab Satela! Li tonbe nan yon mamit dlo ki t ap
bouyi sou dife a. Satela boule nan dèyè. Li kouri
sòti nan menm fenèt la. Depi lè sa a, yo rele l:
“Satela dèyè boule.”

Depatman Edikasyon Nasyonal

LALIN PLENN

Vwala Bondye te fin kreye solèy la. Men solèy la te tout tan tris. Bondye mande l: “Poukisa ou tris konsa?” Solèy la di: “Tout lajounen mwen sèl; m pa gen okenn konpay.”

Bondye di: “Bon, si se konsa, n a ba ou yon konpay.” Epi li kreye lalin lan.

Kèk tan apre, Bondye retounen. Li wè solèy la tris toujou. Li mande l: “Sa k fè sa? M fè ou kado sa ou te mande m lan, epi ou tris toujou!”

Solèy la reponn: “Eskize wi, Bondye, men se pa yon vre konpay sa. Chak jou, lè m leve, I al kouche. Lè mwen menm m al fè yon ti kouche aswè a, li leve e li fè wout li. Epi, chak lè li chanje: li vire do, li bay fas, li vire. E sa ki pi mal, Bondye, m kalkile sa byen, wi: chak 28 jou li plenn san se pa pou mwen.”

MARYAJ BOUKI?

Bouki ak Malis te de bon zanmi. Malis te gen iespri, Bouki te sòt, epi li saf anpil. Ak manje, ou a mennen l kote ou vle. Bouki te renmen ak yon bél tifi ki rele Zeli. Epi Zeli te renmen ak Bouki paske msye se bon travayè. Nan de twa mwa maryaj la ta pral fèt.

Yon jou, kèk zanmi te envite Malis nan yon babako yo t ap fè: bèf, kabrit, kochon, kodenn. Diri, kleren pa gwo barik. Bouki pase wè Malis konsa konsa. Malis tou di Bouki afè babako a: “Konpè Bouki, yo envite m nan yon gwo babako. M te byen anvi mennen ou tou, men kòm m pa gen chwal, m blije refize envitasyon an.” Bouki reponn: “Non, non, konpè Malis, nou pa ka pèdi manje sa a. Zafè chwal la se pa pwoblèm. Ou a monte sou do m. Men kòm se bò kay mennaj mwen pou n pase, lè ou prêt pou rive, ou a desann pou pa gate afè mwen.”



Mesye yo dakò, yo kòmanse pare pou fèt la. Bouki ap lapriyè pou jou a rive vit. Jou babako a rive, Malis pase pye sou do Bouki. Li

byen bwòdè sou do Bouki. Men Bouki pa t konn sa k te nan tèt Malis. Rive devan baryè kay Zeli a, Malis bay Bouki yon kout zepon, tchouk. Bouki vole, li rele: "Way!"

Zeli t ap bale lakou a. Lè I tandé rèl la, li vire gade, li wè Malis byen chita sou do mennaj li. Li fè yon sèl kout kòlè. Bouki sitèlman wont, li pran pòz do I ap fè I mal. Zeli vekse, li pa gade I menm. Konsa Zeli kase renmen ak Bouki.



Yon mwa pa pase, yon samdi apremidi klòch legliz la klewonnen pou yon bèl maryaj. Kanta pou bwòdè, pa t gen pase sa. Se te Malis ak madmwazèl Zeli! Ou konn kilès ki te parenn? Enben, se tonton Bouki. Li sèmante li p ap pèdi 2 fwa: li deja pèdi Zeli, li p ap pèdi babako a met sou sa.



Mari Dyevela Seza

**KU BOOKSTORES \$2.00
0-8400-5112-3**



**9 780840 051127 50200
FREEMAN, BRYANT
ANN BAY LODYANS VOL.4**

GCON

08/19/00